

HHS finalize règleman yo pou devlope swen sante san pati pri dapre Affordable Care Act la

Règleman final la entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj oswa enfimite; favorize èd pou lang pou moun ki pa pale anglè twò byen; epi li pwoteje moun ki andikape

Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Lasante ak Sèvis Pou Moun) nan fè sòti yon règleman final jodi a pou pèmèt egalite nan zafè lasante epi tou diminye gwo diferans nan swen lasante. Dapre règleman an, moun yo pwoteje kont diskriminasyon nan zafè swen sante sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite ak sèks, ki enkli diskriminasyon akòz gwosès, idantite seksyèl ak ak kategori sèks. Anplis Aplikasyon entèdiksyon diskriminasyon sèks Atik 1557 la, règleman final la favorize èd pou lang pou moun ki pa pale anglè twò byen epi li ede asire komunikasyon ki efikas pou moun ki gen enfimite yo. Pwoteksyon ki nan règleman final ak Atik 1557 konsènan dwa moun ak responsablite anpil konpayi asirans sante, lopital ak plan sante ki jere oswa k ap resevwa finansman federal nan HHS yo konstwi sou lwa dwa sivil ki egziste deja pou ranfòse pwoteksyon pou popilasyon ki mal sèvi, dezerite e ki souvan ekskli yo.

Nondiscrimination in Health Programs and Activities (Pwovizyon Kont Diskriminasyon nan Pwogram ak Aktivite Sante règleman) final la antre nan Atik 1557, Affordable Care Act (Lwa sou Swen ki Abòdab) la se premye lwa sou dwa sivil gouvènman federal la ki entèdi diskriminasyon globalman sou baz sèks nan pwogram swen sante ki finanse pa gouvènman federal yo. Anvan, dwa sivil yo te aplike pa Office for Civil Rights (OCR, Biwo Dwa Sivil) HHS la ki entèdi nan fason jeneral diskriminasyon ki baze sèlman sou ras, koulè, peyi orijin, enfimite oswa laj.

Sekretè HHS la, Sylvia M. Burwell te di: "Yon objektif santral Affordable Care Act la se pou ede pou tout Ameriken jwenn aksè ak swen sante dekalite ki pa chè. Anons ki fèt jodi a se yon etap esansyèl nan reyalyasyon ekite nan sistèm swen sante nou an epi pou reafime angajman Administrasyon an pou bay chak Ameriken aksè ak swen sante yo merite a".

Règleman final la ede konsomatè k ap chèche yo, konprann dwa yo epi li klarifye responsablite founisè swen sante ak konpayi asirans ki resevwa finansman federal yo. Règleman final la abòde tou responsablite konpayi ki ofri plan nan Health Insurance Marketplaces (Akò sou Asirans Sante) yo. Règleman final la entèdi pami lòt bagay pratik maketing oswa benefis ki fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj, oswa enfimite. Règleman final la entèdi tou, pratik diskriminasyon ki fèt pa founisè swen sante, tankou lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki patisipe nan pwogram Medicaid yo.

Règleman final la entèdi diskriminasyon sèks nan swen sante ki se lè:

- Yo egzije pou yo trete fi menm jan ak gason nan swen sante yo resevwa. Lòt pwovizyon ACA a entèdi kèk kalite diskriminasyon sèks nan asirans yo, pa egzanp lè l entèdi pou yo chaje fi yo plis pase gason pou asiran yo. Dapre Atik 1557 la, fi yo pwoteje kont diskriminasyon pa sèlman nan asirans sante y ap resevwa men nan sèvis sante y ap chèche nan men founisè yo.
- Li entèdi refi pou bay swen sante oswa asirans sante sou baz sèks yon moun ki enkli diskriminasyon akòz gwosès, idantite seksyèl ak kategori sèks.

Li enkli tou pwoteksyon ki enpòtan pou moun ki enfim epi li favorize èd pou lang pou moun ki pa pale anglè twò byen ki enkli:

- Egzijans pou enstitisyon ki konsène yo rann enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon ki nouvo oswa chanjman nan etablisman yo disponib pou moun ki enfim epi pou bay lòt èd ak sèvis pou moun ki andikape yo.
- Egzijans pou enstitisyon ki konsène yo adopte mezi ki rezonab pou bay aksè a moun ki pa pale lang anglè a twò byen. Yo ankouraje antite ki konsène yo tou pou yo devlope plan pou fasilite kominikasyon.

Alòske règleman final la pa rezoud kesyon pou konnen si diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl sèlman se yon fòm diskriminasyon seksyèl dapre Atik 1557 la, règleman an rann li klè ke OCR ap evalye plent ki pwoteste kont diskriminasyon seksyèl ki lye ak oryantasyon seksyèl yon endividi pou detèmine si yo genye kalite diskriminasyon atik 1557 la ka abòde yo. HHS la apiye diskriminasyon kont oryantasyon seksyèl kòm yon kesyon politik e l ap kontinye kontwole devlopman legal konsènan pwoblèm sa.

Règleman final la deklare ke kote aplikasyon nenpòt nan règleman sa yo ta vyole lwa Federal ki aplikab ki pwoteje libète ak konsyans relijye a, aplikasyon sa p ap obligatwa.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ki enkli fich enfòmasyon sou pwofizyon kle ak kesyon yo poze souvan yo, ale sou www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557.

Pou w aprann plis konsènan lwa konfidansyalite sou enfòmasyon kont diskriminasyon ak enfòmasyon sante, dwa sivil ou yo ak dwa konfidansyalite nan plan sante ak etablisman sèvis pou moun yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w depoze yon plent, vizite nou nan www.hhs.gov/ocr.

###